



Lendi 21 oktòb 2024

Frèm ak Sèm yo an Kris,

Anba gwo kè sote ak yon nanm dezoryante e anboulatcha, mwen vle adrese dram lawontèz e etonan on pèp kap monte le syèl pa do.

Jan Me Ertha Pascal Trouillot, ansyen prezidan peyia te di 1, « nanm peyi a ap depafini. » Pa gen nesesite literati sou ki sa ki lakòz malè pandye kap touye rèv ayisyen an chak jou Bondye mete. Ayisyen anndan peyi a ap monte maswife. Menm deyò peyi a, nou ka santi chay doulè ak lapenn yo. Dyaspora ap viva anba malonèt ak gwo kout baf. Refijye nou yo lage de bra balan san yo pa konnen ki pòt pou yo frape. Tout tan, yap kouri dèyè yo Sen Domeng, yo maltrete e toumante yo an Amerik Latin, yo jete yo tankou ranyon an Ewòp, Ozetazini menm pa gen bouch pou pale sa yap pran.

Masak ki sot fèt nan Pon Sonde ak Akayè, ratibwazay ki fèt toupatou nan peyi a, nòmali-zasyon senkretis, zak mechanste ak wanga, jan ni Sen Domeng ni kandida a la prezidans pati repiblikan an ap menase voye Ayisyen tounen pa pil e pa pakèt, blòf yon entènasyonal dezenterese, kondisyon malsite kretyen vivan an Ayiti, demagoji ak briganday yon sektè politik chikata, echèk yon elit repiyant e ki pa menm ka inove, lavi chè, grangou, ak tèrè kap gagannen n chak jou Tout bagay sa yo ta sipoze ba nou pwoblèm kòm lidè relije.

E sak pi mal la, egzekitif de faktò a nan gwo chire pit. Konsa sisipisyon, dilatwa, machandaj, ak anbisyon pouvwa vin mete baton nan wou bòn gouvènans e menm efò pou ta restore oto-rite leta.

Pa gen manti nan sa, legliz g'on gwo wòl pou l jwe. Nou ta neglige devwa n e trayi misyon n si n ta kwaze bra n fèmen bouch nou. Kòm moun kap travay ak Bondye (1 Korent 3 :9), anbasadè Kris la (2 Korent 5:20), fòk nou konpran ijans moman yo ak onksyon Bondye « pou anonse bòn nouvèl a sa yo ki nan lapenn, gerizon a sa yo kap soufri, poun anonse libète a depòte yo, delivrans pou prizonye yo ; pou n fè yo konnen jou delivrans Bondye a ak jou vanjans li a rive. » (Ezayi 61 :1-2).

Se moman pou n fè tandé vwa ak jistis Bondye. Viktim yo bezwen konprann ke Bondye konpati a doulè yo e l gen pou l jije « ni jis ni mechan » (Ekezyas 3 :17) paske li « rann jistis an favè tout sa yo kap sibi enjistik » (Som 103 :6). Menm kretyen an, ki anfas movezak ak move la vi, ap mande tèt li, kote Bondye toupwisan sa a nap preche a ? E pou ki nou pran tout tan sa a nan dezè a ?

Konsa, ann fè yo tandé vwa nou pou vwa Bondye klewonnen ! Menm jan ak Pap Jean Paul II an 1983, ki te kanpe devan pouvwa an plas la pou denonse abi, enjistik, mechanste, lamizè, grangou ak laperèz ; menm jan Konsil Jèn yo an 1985 nan Jeremi ki te gen kouraj devan diktati a, pou defye on sistèm gwo ponyèt e pale o non diyite lòm, legliz bezwen ranmase karakterè l pou on renouvelman spirityèl kap retire Ayiti nan katchouboumbe.

Depi ane passe, map klewonnen mesaj ijan sa a san siksè nan non Amazing Grace Ministries. Men malerezman, absans on ôtodoksi defini, move kou postmodènité, konpetisyon tè a tè, zizani anba chal, endiferans, anbivalans konviksyon n yo ak absans lidèchip koz sektè pwotestan an ap mache klopi klopan nan on tan kote denominasyon pa vle di anyen. Nou retwouve nou nan



AMAZING GRACE MINISTRIES OF PBC, INC

4300 S Jog Road, Greenacres FL 33454
Unit 541586
AmazingGraceMinistriesPBC@gmail.com

on tou san fon kote yo wè nou menm jan ak tout lòt lidè sosyete a ki echwe: san vizyon. San plan. San kredibilite. E san angouman pou inove.

Poutan li klè, nou pa ka kontinye fonksyone kòm dabitid. Nou pa ka kontinye fèmen je n soujenosid pèp Ayisyen an e degradingolad sosyete Ayisyèn nan. Fòk nou reponn a ijans moman an e pran koulèv la nan ke 1 (Egzòd 4 : 4) pou mirak senk pen de pwason an (Lik 9 : 12-17).

Men nan jefò n yo, fò k nou fè atansyon pou n pa pran nan mera pikankwenna politik. Solisyon an se pa ni on legliz kap fè politik ni on legliz ki endiferan ak soufrans pèp la. Nou pa pati politik kap goumen pou pouvwa men tou endiferans pa on opsyon pou kreyen an ki sipoze sèvi kòm sèl la tè ak limyè lemond. (Matye 5 :14-16, Estè 4 :14). Se tap on gwo erè ki tap deranje vokasyon n si n ta pran sektè pwotestan an angaje 1 nan kanpay elektoral malgré kreyen an gen dwa kòm sitwayen pou 1 kandida pou fonksyon 1 vle a.

Paske fondasyon yo chavire, mwen vin pwopoze poun konvoke sinòd pwotestan pou eseye restore otorite moral legliz la pou ede sosyete n nan kontanple fas Bondye ; Bondye sa a ki « rayi mechan ak tout moun ki pran plezi nan vyolans » . . . ; Bondye sa a « ki voye lapli chabon dife ak souf cho sou mechan yo » e ki « soufle van cho kou dife » sou mechan yo (Som 11 : 5-6). Li ijan pou n angaje on dyalòg san patipri pou n antann nou fason pou n adresé gwo defi moman yo. Amazing Grace ap gen pou prezante detay pwopozisyon sa a trè byento.

M espère ak tout kè m tout gwoup, asosyasyon, federasyon, lig, denominasyon ak konfésyon – tout plim tout plimay - ap dakò ak yon inisyativ konsa. Ann bay egzanp grandè dam ak depasman de swa pou diskisyon san benyen kache lonbrit, nan senserite e san baboukèt pou yon Ayiti lib, djanm e kap fleri.

Nan Kris,

Dr. Ralph Cheriza, Prezidan
561-252-3735
<https://www.amazinggracepbc.org/>